Тема: Ирахуырады дæснытæ.

Дата и время проведения урока осетинского языка и литературы **15 мая 2023 года**.

Цель проведения урока осетинского языка и литературы:
привитие любви подрастающего поколения и молодёжи к родному языку, повышение внимания к сохранению и развитию осетинского языка как важнейшей составной части национальной культуры осетинского народа.

Задачи единого урока:
- показать значимость осетинского языка и литературы;
- воспитание у обучающихся интереса к осетинскому языку, его многообразию и богатству;
- формирование бережного отношения к родному языку, к его словарному богатству.

Оборудование для проведения единого урока:
Ноутбук, презентация «Корифеи осетиноведения», ирахуырады дæснытæ къамтæ, песня «Цины бæрæгбон», национ символты нывтæ, чингуыты тематикон равдыст.

Формы проведения единого урока осетинского языка и литературы **–встреча с писателем, лауреатом государственной премии имени Коста Хетагурова Цомартовым Изатбегом Рамазановичем**.

Структура единого урока осетинского языка и литературы

Твои слова звучат заветом ныне
Для всех,кто ненавидит ложь,вранье:
«Весь мир мой- храм, любовь моя – святыня,
Вселенная-Отечество мое»
Сергей Рыбалко

I-аг хай. Бацæуæн.

Мотиваци. Хъуысы зарæг «Цины бæрæгбон»

-Цæуыл дзурдзыстæм абон нæ урочы?
-Æцæг цины бæрæгбон у,уымæн æмæ нæм нæ урокмæ æрбахуыдтам **кадджын адæймаг зындгонд фыссæг, Хетæгкаты Къостайы премийы лауреат, Цæгат Ирыстоны фысджыты Цæдисы сæрдары хæдивæг Цомартаты Изæтбеджы.**

Ныхасы бар Изæтбегæн.

2. Ахуыргæнæджы раныхас ирон æвзаджы тыххæй, йæ ахадындзинад нæ адæмы царды, истори æмæ культурæйы.
1) Ирон æвзаг у Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы æмæ Республикæ Хуссар Ирыстоны паддзахадон æвзаг. Цæгат Ирыстоны ис дыууæ паддзахадон æвзаджы – ирон æмæ уырыссаг.
Ацы дыууæ республикæйæ фæстæмæ ма ирæттæ цæрынц Гуырдзыстоны иуæй-иу районты, Кæсæг-Балхъары Республикæйы, Стъараполы крайы, Турчы (уырдæм алыгъдысты нудæсæм æнусы дыккаг æмбисы) æмæ дунейы æндæр рæтты.

2) Ирон æвзаг хауы индоевропæйаг æвзæгты ирайнаг къорды цæгат-скæсæйнаг къабазмæ, æмæ йæм хæстæгдæр сты ахæм нырыккон ирайнаг æвзæгтæ, куыд персайнаг, таджикаг, курдаг, татаг æмæ, уæлдайдæр, скæсæйнаг ирайнаг æвзæгтæ – ягнобаг, афгайнаг, памираг.

Алы заманты нæ фыдæлтæ æмбæлдысты бирæ æндæр адæмтимæ, æмæ уый фæзындис не ’взагыл дæр. Йæ бындур, æнæмæнг, ирайнагæй баззадис, фæлæ йыл фæбæрæг ис æндæр æвзæгты тæваг дæр.

3) Ахуыргæндты хъуыдымæ гæсгæ, ирон æвзаджы нырыккон уаваæры бæлвырдæй зыны славянаг, гермайнаг, балтиаг, кельтаг, уæлдай тынгдæр та кавказаг æвзæгты æндæвдад: йæ иуæй-иу фонетикон, лексикон æмæ грамматикон миниуджытæм гæсгæ не ’взаг тынг хæстæг у кавказаг адæмты æвзæгтæм. Ууыл дзурæг сты, зæгъæм, хурхон æмхъæлæсонтæ къ, пъ, тъ, цъ, чъ; «кавказаг» нымады системæ (ссæдзгæйттæй), хауæнты нымæц, кавказаг æвзæгтæй æрбайсгæ дзырдты нымæц æмæ æнд.

4) Ирон фыссынады цыртдзæвæнтæ. Ирон фыссынады фыццаг цыртдзæвæн ссардæуыдис 1888 азы цæугæдон Стыр Зеленчукы былгæрон. Дурын цыртыл 941 азы нæ рагон фыдæлтæ бердзенаг дамгъæтæй ныффыстой дыгурон дзырдтæ.

5) Ирон æвзагыл фыццаг мыхуыргонд чиныг рацыдис 1798 азы Мæскуыйы æмæ хуындис «**Начальное учение человеком, хотящим учитися книг божественного писания».** Чиныг фыст уыдис рагон славянаг аргъуаны шрифтæй, йæ мидис – **цыбыр катехизисы** текст уырыссаг æмæ ирон æвзæгтыл. **Чиныг (стæй фыццаг ирон алфавит) аразæг уыдис сауджын Хъесаты Пъауле (Павел** Генцауров).

Скъ.Бикоев Максим

ПЕРВАЯ ПЕЧАТНАЯ ОСЕТИНСКАЯ КНИГА - "НАЧАЛЬНОЕ УЧЕНИЕ ЧЕЛОВЕКОМ ХОТЯЩИМ УЧИТИСЯ КНИГ БОЖЕСТВЕННОГО ПИСАНИЯ"

225 лет назад в 1798 году в Московской Синодальной типографии, тиражом предположительно около тысячи экземпляров, вышла в свет первая печатная осетинская книга – «Начальное учение человеком хотящим учитися книг божественного писания».
Книга была подготовлена епископом Гаием Такаовым и священником Павлом Генцауровым.
Гаий Такаов составил осетинский алфавит на основе кириллических церковнославянских буков.
На этом алфавите в 1798 г. издан «Краткий Катехизис».
С левой стороны книги – тексты церковного содержания, а с правой, переводы на осетинский язык.

Первая печатная книга Осетии.

А

28 ос
Н 36

НАЧАЛНОЕ

оучѣнїе человѣкомъ, хотѧщымъ оучитиса книгъ бжественнагѡ писанїа.

Научно-исследовательский институт Осетиноведения
БИБЛИОТЕКА
40630

Во имѧ оца, и сна, и ст҃аго дха, аминь.

Бже въ помощь мою вонми, и вразуми мѧ во оучнїе сїе.

Д Д А

1970 г.
1968
2013

6) Иннæ алфавит аразæг Андрей Михайлович Шёгрен йæ куысты бындуры нывæрдта уырыссаг алфавит йæхи ныхæстæм гæсгæ «ирон адæмы дарддæры хъысмæтыл хъуыдыгæнгæйæ»

7) 1844 азы академик А. Шёгрен ныммыхуыр кодта, ирон æвзагзонынадæн бындур чи сæвæрдта, уыцы куыст «Осетинская грамматика с кратким словарем осетинско- российским и российско-осетинским». Ирон æвзагзонынады бындурæвæрæг у академик А. М. Шёгрен.

Кораева Амина. Проект «Сердце, отданное Осетии».

8) **1923** азы Цæгат Ирыстоны дæр æмæ Хуссар Ирыстоны дæр фыссынад раивтой **латинаг графикæмæ.**

1938 азы Цæгат Ирыстоны раздæхтысты **уырыссаг графикæмæ**, Хуссар Ирыстоны та **латинагæй рахызтысты гуырдзиагмæ.**

1954 азæй фæстæмæ Цæгаты дæр æмæ Хуссары дæр пайда кæнынц **уырыссаг графикæйы бындурыл арæзт алфавитæй.**

9) **Æвзаг иртасыны дыккаг этап** та баст у номдзыд уырыссаг ахуыргонд, **академик Вс. Миллеры номимæ**. Йæ æртæтомон куыст «**Осетинские этюды»** (1881, 1882, 1887 азтæ) æмæ æртæтомон ирон-уырыссаг-немыцаг дзырдуаты (1927, 1929, 1934 азтæ) ахуыргонд арф æмæ алывæрсыгæй иртасы ирон æвзаджы дыууæ диалекты, адæмон сфæлдыстад, дин, истори, этнографи.

Пухаты Арсен. Проект Всеволод Миллер, « Осетинские этюды»

Æртыккаг этап баст у нæ рæстæджы зындгонддæр ираниттæй иуы – **Абайты Васойы – номимæ. Ахуыргонды «Осетинский язык и фольклор» (1949), фондзтомон «Историко-этимологический словарь осетинского** языка», бирæ æндæр иртасæн куыстытæ ирон æвзагзонынад систой дунеон наукæйы æмвæзмæ.

Скъ.Тедеева Динара.

Проект «Васо Абаев-корифей осетинского языкознания».

Ирон адæмæн стыр лæггæдтæ чи скодта, уыдонæй иннæ у францаг стыр ахуыргонд Жорж Дюмезиль.

Скъ.Агкацев Артем.

Проект «Жорж Дюмезиль и Нартский эпос».

10) Ирон æвзагзонынады къæбицмæ бæлвырд æвæрæн бахастой А.А. Фрейман, В.С. Соколова, И.М. Бейли, И. Гершевич (Англис), А. Кристенсен (Дани), Ф. Тордарсон (Норвеги), Б. Мункачи (Венгри), Л. Згуста (Чехословаки) æмæ ин., ирон ахуыргæндтæ **Æлборты Барис**, Багаты Никъала, Гагкайты Хъазан, Цагъаты Анастасия, Тахъазты Харум, Исаты Мæхæмæт, Гæбæраты Никъала, Гуыриаты Тамерлан æмæ ин.

Скъ. Нартыхты Сабинæ.

Проект «Алборов Борис-первый советский профессор на Северном Кавказе,ученый-лингвист».

11) Номдзыд алайнæгты æвзагыл ныртæккæ дзуры (700)-авдсæдæ мин адæймагмæ хæстæг.

19-æм æнусы Ирыстонæй Туркмæ æмæ Сиримæ бирæ ирæттæ алыгъдис. Уыдоны цот дæр сæхи хъæппæрисæй ахуыр кæнынц ирон æвзаг. Ацы бæстæтæй Ирыстонмæ арæх ссæуы уазджытæ. Уыдоны фæнды сæ фыдæлты æвзаг фехъусын æмæ йæ хуыздæр базонын.

Слайд-песня турецких осетин.

-Цавæр æнкъарæнтæ ис сæ зарæджы? Цæмæн?

-Цавæр хатдзæг скæнæм нæ урокæн? Цавæр стыр хæс æвæрд ис абоны фæлтæртыл?

-Ма бауадзæм фесæфын нæ фыдæлты æвзаг!

-Сты зондæн уацхæссæг æппæт дунейы взæгтæ,
Нæ дзы взарын хæстæг æмæ дæрддаг,
Фæлæ ныхкойыс зæрдæйы къæсæртæ
Æрмæстдæр ды, мадæлон æвзаг!

Астемыраты Изет

Кæд ирон дæ, уæд зон де взаг, дзур иронау, дæ мадæлон æвзагыл.

Кæрон. Скъоладзаутæ зарынц Хетæгкаты Къостайы «Балцы зарæг»

Арфæ ракæнын нæ абоны уазæг фыссæг,поэт, Хетæгкаты Къостайы премийы лауреат, Цæгат Ирыстоны фысджыты сæрдары хæдивæг Цомартаты Изæтбегæн.